

Dezyèm Faz Lajan Relansman: Ranbousman pou Redrèzman Kap Kòmanse an Desanm 2020

Avètisman: Se Legal Aid Society ki te elabore ransèyman sa a. Ransèyman sa a pa konsèy legal, epi li pa ranplase konsèy yon espesyalis imigrasyon, taks, ak/oswa avantaj prestasyon yo. Enfòmasyon ki nan dokiman sa a aktyèl apati de dat vèsyon an ki anba paj dokiman sa a, epi dat sa a ka chanje.

Kisa Lwa sou Dotasyon Konsolide 2021 an (CAA) ye?

CAA a se yon lwa ki atribiye 2,3 trilyon dola ke gouvènman federal la te pwomilge an desanm 2020, epi li gen ladan dispozisyon pou reponn a pandemi COVID-19 la. Lwa a gen divès pati, ki gen ladan:

- lajan y ap bay moun pa mwayen Kredi Ranbousman pou Redrèzman an (ke yo konn rele tou Peman pou Enpak Ekonomik yo [IEP] oswa "chèk relansman yo"),
- amelyore avantaj asirans chomaj yo, ak
- chanjman nan sèten kredi taks federal.

Sonje: Peman pou Enpak Ekonomik yo se peman Kredi Ranbousman pou Redrèzman (RRRC) yo bay alavans. Konsa, ou pral wè yo refere a EIP kòm RRRC nan deklarasyon taks 2020 ou an.

Kisa yon Ranbousman pou Redrèzman ye?

Pami lòt bagay, CAA a ofri yon Ranbousman pou Redrèzman, ki se yon dezyèm faz peman gouvènman ap bay pandan pandemi COVID-19 la. Y ap bay ranbousman sa a pou moun endividiyèl ki touche mwenske \$75 000; moun marye ki touche mwenske \$150 000; ak chèf fwaye pou zafè taks ki touche mwenske \$112 500. Yo kalkile kantite sa yo apati ane fiskal 2020 an epi yo baze sou revni bri ajiste ki sou taks yo.

Konbyen lajan Ranbousman pou Redrèzman y ap bay?

Ranbousman pou Redrèzman an se \$600 pou chak moun endividiyèl ki kalifye epi \$600 pou chak timoun ki kalifye.

Kimoun ki kalifye (ak kimoun ki pa kalifye) pou yo resevwa yon Ranbousman pou Redrèzman?

Gen kèk chanjman ki fèt an konparezon ak peman pou relansman nan kad Lwa CARES 2020 ane pase a. Pou w kalifye pou Ranbousman pou Redrèzman aktyèl la, ou dwe se yon adilt ki gen yon Nimewo Sekirite Sosyal (SSN) ki valid aktyèlman pou travay, epi okenn lòt moun pa kapab reklame w kòm yon depandan sou taks li.

Si w gen yon Nimewo Idantifikasyon Kontribiyab Endividiyèl (ITIN) sèlman, ou **p ap kalifye**.

Si w se yon timoun ki gen yon Nimewo Idantifikasyon Kontribiyab Adopsyon (ATIN), w ap **kalifye**, si w gen yon SSN.

Si w gen yon SSN epi ou se yon manm fanmi ki gen estati imigrasyon miks, manm fanmi ki gen SSN oswa ATIN yo ap **kalifye** pou yo resevwa Ranbousman pou Redrèzman an, epi lòt manm fanmi ki gen ITIN yo oswa ki pa gen okenn nimewo idantifikasyon yo **p ap kalifye**.

Sonje: Sa a se yon chanjman pozitif ki fèt an konparezon ak Ranbousman pou Redrèzman mwa mas 2020 yo, kote yon konjwen ki gen yon ITIN te fè tout fanmi an nèt pa kalifye.

Kisa mwen dwe fè?

Ranbousman pou Redrèzman an pral vin jwenn ou **otomatikman**, san w pa bezwen fè anyen, **si** ou:

- Te ranpli yon deklarasyon taks pou ane 2019 la,
- Te ranpli yon deklarasyon taks pou ane 2018 la,
- Te itilize zouti pou Moun Ki pa Ranpli Taks yo pou peman pou relansman 2020 an avan 22 novanm 2020,
- Resevwa avantaj Sekirite Sosyal (ki gen ladan avantaj retrèt, andikap, ak sivivan yo),
- Resevwa Avantaj Revni Sekirite Siplementè (SSI) yo,
- Resevwa Avantaj Retrèt pou Travayè Chemennfè yo, oswa
- Se yon ansyen konbatan oswa benefisyè li k ap resevwa avantaj Prestasyon oswa Pansyon (C&P) nan men Biwo Zafè Ansyen Konbatan yo (VA).

Sonje: Yon fwa ou ranpli deklarasyon taks ou, w ap kalifye pou yon Ranbousman pou Redrèzman otomatik, si w satisfè kritè kalifikasyon ki dekri anwo a yo. Peman yo ap otomatik tou pou nenpòt moun ki te soumèt yon deklarasyon taks senplifye ke IRS te trete.

Kijan pou mwen aplike?

Si w pa gen okenn nan avantaj ki anwo a yo, ou pa te ranpli taks an 2019 oswa 2018 akoz revni w fèb oswa ou pa t gen revni, epi ou pa te enskri nan zouti Moun ki Pa Ranpli Taks yo sou IRS.gov avan 22 novanm 2020, ebyen, ou p ap resevwa yon peman otomatik kounye a. Olye de sa, ou dwe **ranpli** deklarasyon taks sou revni federal 2020 ou an 2021, epi reklame Ranbousman pou Redrèzman an nan liy 30 sou deklarasyon w lan.

E si mwen gen timoun ki te gen mwenske 17 tan apati 31 desanm 2019?

Chak timoun depandan ki te gen mwenske 17 tan apati 31 desanm 2019 ka ajoute \$600 anplis sou Ranbousman pou Redrèzman an. Si w te ranpli taks an 2019 oswa 2018 ak timoun ou yo kòm depandan w epi ou kalifye nan lòt fason, ou pa bezwen fè anyen pou w resevwa \$600 anplis pou chak timoun lan. Timoun lan dwe gen laj 17 tan nan fen ane fiskal IRS itilize a. (Sa a gen chans pou l gen ladan timoun yon ajans plasman otorize te mete nan fanmi dakèy ki te viv avèk ou pandan plis pase mwatye ane a.)

Si w pa te ranpli taks an 2019 oswa 2018 epi ou gen timoun nan fwaye w ki gen mwenske 17 tan, ou dwe ranpli yon deklarasyon taks pou w ka resevwa \$600 dola anplis pou chak timoun lan. Epitou, okenn lòt moun pa dwe reklame timoun yo kòm depandan sou taks yo, epi yo dwe gen SSN yo oswa ATIN yo.

Byenke depandan ki gen 17 tan ak pi gran yo pa kalifye pou peman timoun lan, etidyan invèsite ak sila ki fenk diplome yo ki pa kalifye kòm depandan yo ka kalifye pou yo reklame Ranbousman pou Redrèisman an.

Konbyen lajan m ap resevwa?

Kantite lajan Ranbousman pou Redrèisman an depann de kantite moun ki gen nan fanmi w ak konbyen lajan revni w te rapòte bay IRS nan deklarasyon taks ou pou ane 2020 an. Yon moun ki selibatè ki pa gen ptit ki touche \$75 000 oswa mwens ap resevwa \$600. Yon koup ki marye ki pa gen ptit ki touche \$150 000 oswa mwens ap resevwa \$1 200. Yon kontribiyab ki ranpli taks kòm chèf fwaye ki touche \$112 500 oswa mwens ap resevwa \$600. Toutfwa, y ap retire \$5 nan kantite lajan ranbousman an pou chak \$100 revni ki plis pase limit nivo revni yo. Chak timoun depandan anplis ki gen mwenske 17 tan ap ajoute \$600 anplis sou Peman Enpak Ekonomik lan.

Kilè m ap resevwa Ranbousman pou Redrèisman an?

Dat ofisyèl pou peman Ranbousman pou Redrèisman se 4 janvye 2021, men premye peman pa mwayen depo dirèk yo te kòmanse rive depi 29 desanm 2020. Yo te kòmanse voye chèk an papye yo pa lapòs mèkredi 30 desanm 2020 an.

Mwen te déjà resevwa Ranbousman pou Redrèisman mwen an epi li pa genyen lajan anplis pou timoun mwen yo. Kisa pou m fè?

Ou ka bezwen ranpli deklarasyon taks ou pou ane 2020 an 2021 pou w ka resevwa \$600 dola anplis pou chak timoun ki gen mwenske 17 tan an si w pa t resevwa l ansanm ak Ranbousman pou Redrèisman ane sa a.

E si konjwen mwen te ranpli taks ansanm avèk mwen, men se sèlman youn nan nou ki gen yon Nimewo Sekirite Sosyal epi lòt la gen yon ITIN?

Sa a pa yon pwoblèm ankò. Konjwen ki gen yon SSN lan ka resevwa Ranbousman pou Redrèisman, epi lòt konjwen an p ap resevwa l.

Èske m ap bezwen remèt Ranbousman pou Redrèisman an?

Non. Ranbousman pou Redrèisman an se yon kredi taks alavans ke yo p ap retire nan okenn peman alavni. Depi w te resevwa l kòmsadwa, ou p ap bezwen remèt li. Y p ap retire l nan okenn lòt peman. Se pa yon prè; se yon ranbousman taks.

Èske Ranbousman pou Redrèisman ap banm pwoblèm pou zafè imigrasyon m oswa fè m vin yon Chaj Biblik?

Non. Ranbousman pou Redrèisman an pa konte anvè Chaj Biblik pou zafè imigrasyon yo. Depi w te resevwa l kòmsadwa, li p ap gen okenn konsekans negatif sou dosye imigrasyon w.

Èske Ranbousman pou Redrèisman an redui oswa fè m pa kalifye pou nenpòt avantaj leta yo?

Non. Ranbousman pou Redrèisman an se yon kalite ranbousman taks yo bay yon sèl fwa. Nou kwè ke li pa konte kòm revni nan kad avantaj leta yo, ki gen ladan Asistans Biblik, Medicaid, SNAP (Food Stamps), SSI, Seksyon 8, ak NYCHA.

Pou SSI, lajan an pa konte kont limit resous la ki se \$2 000 (pou yon moun) oswa \$3 000 (pou koup yo) pandan 12 mwa. Pou Asistans Piblik, nou kwè li pa konte kont limit resous la ki se \$2 000 (\$3 000 pou moun ki gen + pase 60 tan yo) pandan 2 mwa apre mwa yo te resevwa l la.

Èske ajan koleksyon ka kolekte Ranbousman pou Redrèzman an?

Non. Ranbousman pou Redrèzman yo pwoteje kont koleksyon, epi yo p ap konpanse okenn dèt eta oswa federal, ki gen ladan pansyon alimantè pou timoun. Yo pwoteje tou kont sezi-arè pou peye dèt prive.

E si mwen pa kalifye pou yon Ranbousman pou Redrèzman men mwen resevwa youn pa aksidan?

Si w resevwa yon Ranbousman pou Redrèzman men ou pa ta dwe resevwa l akoz ou gen revni ki pi wo pase limit lan, nou kwè IRS p ap fè w remèt li. Se sa yo te fè pou peman pou relansman yo ane pase, epi nou atann y ap fè menm jan pou Ranbousman pou Redrèzman aktyèl yo tou.

Toutfwa, si w pa kalifye akoz estati imigrasyon, men yo fè erè epi ou resevwa yon Ranbousman pou Redrèzman pa aksidan, nou konseye w remèt IRS li pou w evite chans pou gen nenpòt konsekans negatif sou dosye imigrasyon w.

Pou peman pou relansman yo te bay ane pase yo, IRS te deklare okòmansman ke moun ki nan prizon yo pa te kalifye pou peman pou relansman epi yo te mande nenpòt moun ki nan prizon ki te resevwa yon peman pou yo remèt li bay IRS. Gras a pwosè ki entante, sa a pa yon pwoblèm ankò. Moun ki te nan prizon nan nenpòt ki lè soti 27 mas 2020 jiskaprezan men ki satisfè kritè kalifikasyon yo pou peman ane pase a ka resevwa avantaj la. Y ap fè menm jan pou Ranbousman pou Redrèzman aktyèl yo tou.

Moun ki mouri yo, oswa byen siksesyon oswa fidisi, kontinye pa kalifye epi IRS mande moun ki resevwa yon Ranbousman pou yon moun ki mouri dwe remèt IRS Ranbousman an.

Pwolonjman Avantaj Prestasyon Asirans Chomaj yo

Yo pwolonje avantaj prestasyon Asirans Chomaj Nòmal (UI) yo pou 11 semèn anplis, epi y ap ogmante l avèk \$300 anplis pa semèn. Sa gen ladan Asistans Chomaj Pandan Pandemi an (PUA) ki pwolonje avantaj UI yo pou travayè ki tradisyonèlman pa t ap kalifye yo, tankou travayè ki travay sou demann yo ak kontraktè endepandan yo.

Y ap pwolonje Prestasyon Chomaj Ijans Pandan Pandemi an (PEUC) pou 11 semèn tou (k ap bay 50 semèn omaksimòm lè w ajoute yo ansanm) epi yo prevwa l ap ekspire 14 mas 2021. Moun k ap resevwa avantaj apre peryòd nòmal la ki se 26 semèn apati 14 mas 2021, pral kontinye resevwa avantaj yo jiska 5 avril 2021 si yo potko rive nan kantite semèn avantaj maksimòm yo ka resevwa.

Y ap pwolonje finansman federal pou eta k ap renonse a semèn pou te ret tann prestasyon yo. Travayè ki gen omwen \$5 000 revni nan travay endepandan ka kalifye pou \$100 avantaj anplis pa semèn nan kad Prestasyon Chomaj pou Moun Ki Gen Revni Miks yo pou ajiste pou yon peman UI debaz ki pi ba.

Kredi Taks pou Timoun/Kredi Taks sou Revni ou Reyalize

Y ap kalkile Kredi Taks pou Timoun (CTC) ak Kredi Taks sou Revni ou Reyalize (EITC) (ke yo konn rele tou Kredi sou Revni ou Reyalize [EIC]) nan fason diferan de lòt ane pase yo pou ane fiskal 2020 an. Pou chak kredi, ou dwe gen yon sèten kantite revni ou reyalize, baze sou kantite moun ki gen nan fanmi w, pou w ka kalifye pou tout kredi a nèt. Toutfwa, pandan pandemi an, anpil moun ki t ap nòmalman kalifye ka te touche mwens lajan paske yo te pèdi travay yo oswa yo te travay mwens èdtan. Piske revni ki pi ba an 2020 an ka vle di ou ka pa kalifye pou kredi sa yo, nouvo lwa sou Rambousman pou Redrèzman an gen ladan yon dispozisyon ki pèmèt ou itilize revni ou te reyalize an 2019 la pou w kalkile CTC ak EITC ou pou ane fiskal 2020 an. Nou swete sa ka ede w kalifye pou kredi sa yo.



National
Consumer Law
Center

THE EIP STIMULUS PAYMENT PREPAID CARD: NOT A SCAM; HOW TO AVOID FEES

January 2021

The U.S. Treasury is sending out a second round of stimulus payments, and some people will receive the payment in the form of an Economic Impact Payments (EIP) prepaid card. The card is not a scam, and there are ways to cash or use the card without fees.

How to Identify the Card: EIP Cards will be sent in a [white envelope](#) with the U.S. Treasury seal with this return address: **Economic Impact Payment Card**, PO Box 247022, Omaha, NE 68124. This is this card:



How to Use the Card with No Fees: Visit [EIPcard.com](#) to see the [fee schedule](#), [FAQs](#) and more information. **Key tips:**

- Use the card **anywhere Visa is accepted**, including online, on the phone, and at stores.
- Use a **surcharge-free ATM** in the [Allpoint](#) network, including at Target, Walgreens, CVS, Kroger, Safeway, Winn Dixie and Circle K. [Find an ATM](#) near you by downloading the [Money Network Mobile App](#) or using the online [ATM locator](#). At other ATMs, the ATM will charge a fee plus the card charges \$2 after the first withdrawal.
- **Transfer** the funds to your **bank, prepaid or mobile payment account** through the app or online. You may need to contact the provider of your other account to obtain the routing and account number. You can transfer up to \$2,500 per day.
- Go to the **teller window** at almost any bank or credit union. The first withdrawal, which can be up to \$2,500, is free. Additional teller withdrawals cost \$5.
- Ask for **cash back** from a supermarket or big box store.
- Call 800.240.8100 to request a free **Money Network Check**, which you can make out to anyone (i.e., a landlord, yourself). But you'll have to wait for it in the mail, and you must log into your account to get a number to activate the check, so the other options may be easier.

What to Do if You Threw Out the Card: Call 800.240.8100. Replacement cards are free.

Keep the Card Even After It is Empty. You may be able to use it to quickly receive additional payments if Congress passes another stimulus bill.

For more information, watch [CFPB's video explainer](#) on EIP prepaid debit cards.

The nonprofit National Consumer Law Center® (NCLC®) works for economic justice for low-income and other disadvantaged people in the U.S. through policy analysis and advocacy, publications, litigation, and training.